

DUKENSLEY BERNARD

BATI BIZNIS POU JWENN KREDI AK FUNDING USA



GID PRATIK POU LANSE, ESTRIKTIRE, EPI PREPARE
BIZNIS OU POU **KREDI BIZNIS AK FUNDING**,
MENM SI OU POKO KONNEN KI KOTE POU KÒMANSE.



KREDI BIZNIS




FUNDING



KWASANS BIZNIS

Gid Pratik pou Lanse, Estriktire, epi Prepare Biznis ou pou Kredi ak Funding USA



**Pou Ayisyen nan dyaspora, Ayiti, ak tout moun ki vle
bati yon biznis USA avèk bon fondasyon.**

STEP BY STEP

DUKENSLEY BERNRAD

KÒMANSMAN

Anpil moun ki reve bati yon biznis, fè yon konpayi grandi, oswa achte byen ki ka pwodwi richès, souvan ap fè fas ak menm reyalyte ki fè mal la: *yo pa gen aksè ak kapital (LAJAN)*.

Yo travay di. Yo aprann nouvo konpetans. Yo eseye ogmante revni yo. Men chak gwo opòtinite toujou mande yon bagay yo poko genyen: funding, sa vle di finansman.

Pou anpil antreprenè, espesyalman moun k ap kòmanse piti oswa moun ki soti nan sitiasyon modès, pwosesis pou jwenn funding lan ka parèt konfizyon, entimidasyon, oswa menm enposib.

Men verite a senp: apwobasyon pa toujou depann de moun ki gen plis lajan; li depann de moun ki konprann règ jwèt la.

Bank ak lenders yo pa toujou ap chèche moun ki pi rich yo. Y ap chèche estrikti, klète, konsistans, ak bon moman.

Anpil pwopriyetè biznis pa jwenn apwobasyon, pa paske yo pa merite kapital, men paske pèsonn pa janm montre yo kijan sistèm nan fonksyone vre.

Se pou sa ebook sa a egziste.

Li ekri pou retire devinèt, elimine move enfòmasyon, epi bay antreprenè òdinè yo yon chemen estratejik pou yo prepare tèt yo pou jwenn \$50K rive \$300K nan business funding bon fason an.

Si ou serye pou w bati pwojè reyèl, kreye valè, epi soti anba limit finansye ki bloke w, blueprint sa a fèt pou ede w avanse avèk entèlijans, konfyans, ak entegrite.



DEBLOKE \$50K-\$300K+



TAB MATYÈ

Entwodiksyon:

Poukisa anpil moun vle biznis USA men yo pa prepare

Chapit 1: Chanje fason ou panse sou biznis ak funding

Chapit 2: Analyze lide biznis ou avan ou depanse lajan

Chapit 3: Chwazi bon estrikti pou biznis ou

Chapit 4: Fondasyon legal ak administratif biznis USA

Chapit 5: Mete biznis ou parèt pwofesyonèl

Chapit 6: Business banking ak jesyon lajan

Chapit 7: Business credit foundation

Chapit 8: Funding readiness – kijan pou prepare avan ou mande lajan

Chapit 9: Jwenn premye kliyan yo

Chapit 10: Plan aksyon 30 jou

Bonus: Checklist final + kesyon pou konsiltasyon gratis

Avètisman Enpòtan



Ebook sa a se yon gid edikatif ak estratejik. Li pa ranplase konsèy yon avoka, CPA, konseye taks, konseye finansye, oswa lender ki lisansye. Objektif gid sa a se ede w konprann etap pou lanse, òganize, epi prepare yon biznis USA sou yon fondasyon ki pi solid pou kapab jwenn bon jan finansman.

Pa gen okenn garanti ou pral jwenn kredi, funding, loan, grant, oswa kapital. Rezilta yo depann de sitiyasyon pèsònèl ou, estrikti biznis ou, kredi ou, revni ou, dokiman ou, relasyon ou ak bank/lender, epi fason ou aplike etap yo.



DEBLOKE \$50K-\$300K+

Istwa m : Poukisa Mwen Krewe Ebook Sa a

Mwen rive Etazini an 2021 avèk menm rèv anpil imigran genyen:

Travay di, ekonomize lajan, epi yon jou bati yon lavi miyò.

Pandan premye 2 ane yo, mwen te fè egzakteman sa tout moun toujou konseye w fè:

Travay. Travay. Travay.

Mwen t ap travay, peye bòdwo, mete yon ti kòb sou kote... men fon nan kè mwen, mwen te konnen yon bagay:

Depi lè mwen te ann Ayiti, mwen te deja gen nanm antreprenè.

Mwen te toujou ap panse ak lide, pwòjè, enpak, ak fason pou m kreye plis valè. Lè mwen rive isit Ozetazini, mwen vin reyalize yon bagay enpòtan:

Si mwen sèlman depann de chèk travay mwen, sa ka pran m 10 a 20 ane pou m atenn objektif mwen te vle reyalize nan 3 a 5 ane.

Se la mwen pran yon desizyon.

- Mwen kreye pwòp ajans digital marketing mwen.
- Mwen te kòmanse sèvi ti biznis yo.
- Mwen te ede yo jwenn plis kliyan.
- Mwen te ede yo bati estrateji maketing dijital ki pi solid.

Se la tout bagay te kòmanse chanje.

Kèk mwa apre, mwen rankontre yon coach ki chanje fason mwen te konprann lajan nèt. Li pa t montre m kijan pou m travay plis èdtan. Li te montre m kijan pou m itilize LLC mwen ak bon estrikti pou m ka leve kapital.

Nan sèlman 3 mwa, avèk business profil mwen ak bon estrateji, mwen te rive jwenn anviwon \$35,000 nan funding ki disponib.

Pi devan, avèk menm prensip yo, mwen te rive depase \$150,000.

Okòmansman, mwen pa t menm ka kwè sa.

Mwen te di tèt mwen:

“Kijan sa posib? Pandan plizyè ane mwen t ap travay pou yon chèk, epi kounye a, avèk bon konesans ak bon estrikti, mwen kapab jwenn aksè ak plis lajan pase salè anyèl mwen – sèlman paske mwen aprann kijan pou m itilize biznis mwen ak profil mwen?”

Aprè sa, mwen te ede plis pase 10 zanmi ak lòt moun aplike menm pwosesis la.

Youn ladan yo, nan anviwon 7 mwa, te rive jwenn apeprè \$200,000 nan kredi ki disponib, epi li te itilize li pou achte yon biznis.

Se nan moman sa a mwen te konprann yon bagay byen klè:

Se pa sèlman kantite travay ou fè ki konte. Se pozisyon ou nan sistèm finansye a ki fè diferans lan.

Gen moun ki travay di tout lavi yo, men yo pa janm aprann kijan sistèm nan fonksyone.

Gen lòt moun ki pa travay pi di pase yo, men yo konprann estrikti, kredi, relasyon ak bank, dokiman, timing, ak fason pou prezante biznis yo.

Ebook sa a se fason pa mwen pou m bay valè an retou epi dokimante pwosesis la pou ou.

Li fèt pou:

- Pwofesyonèl ki vle grandi
- Ti pwopriyetè biznis ki bezwen kapital
- Moun k ap travay di men ki santi yo bloke
- Imigran ki vle sèvi ak sistèm nan legalman
- Rèvè ki pa vle rèv li rete nan tèt li sèlman
- Antreprenè serye ki vle leve kapital avèk estrateji, etik, ak disiplin



DEBLOKE \$50K-\$300K+

Si ou serye pou w leve kapital nan 6 mwa oswa mwens, ebook sa a ap montre w kijan pou w prepare w bon fason an.

Ou pa bezwen vin milyonè avan.

Ou pa bezwen gen 100 dokiman.

Ou pa bezwen gen yon ekip avoka bò kote w pou w kòmanse.

Men ou bezwen kèk bagay enpòtan:

- Yon estrikti debaz
- Yon business profile
- Disiplin
- Yon plan klè pou lajan ou vle resevwa a
- Bon konpreyansyon sou kijan bank ak fintech yo fonksyone
- Yon fason entèlijan pou aplike san w pa detwi kredi pèsònèl ou

Ebook sa a pral montre w etap pa etap kijan pou w:

- Soti nan zewo pou rive nan yon business profil ki byen estriktire
- Bati relasyon ak bank, fintech, ak enstitisyon finansye
- Swiv epi devlope business credit ou
- Aplike avèk estrateji pou w ka prepare w pou jwenn \$10,000 rive \$300,000 nan funding

Kenbe tèt ou kalm pandan w ap bati fondasyon finansye biznis ou

Objektif mwen pa sèlman pou montre w kijan pou w jwenn funding.

Objektif mwen se ede w konprann kijan pou w vin pi byen pozisyon nan sistèm finansye a, pou ou ka bati pwojè reyèl, kreye valè, epi sèvi ak kapital kòm yon zouti pou grandi — pa kòm yon chay ki kraze w.

Paske lè ou konprann sistèm nan, ou pa antre ladan l kòm yon moun k ap mande chans.

Ou antre ladan l kòm yon antreprenè ki prepare.



DEBLOKE \$50K-\$300K+

Ki moun ebook sa a fèt pou li?

Ebook sa a fèt pou ou si:

- Ou vle lanse yon biznis USA men ou pa konnen ki kote pou kòmanse.
- Ou tande pale de LLC, EIN, business credit, funding, men ou pa konprann tout pwosesis la.
- Ou deja gen yon LLC men biznis la pa byen estriktire.
- Ou vle prepare biznis ou pou bank, lender, kliyan, ak opòtinite.
- Ou vle evite fè erè ki ka fè w pèdi tan, pèdi lajan, oswa bloke chans ou pou jwenn kapital.
- Ou pa vle fè bagay nan frod; ou vle bati yon fondasyon legal, pwofesyonèl, ak dirab.



DEBLOKE \$50K-\$300K+

Nan gid sa a, ou pral aprann kijan pou:

1. Analize yon lide biznis pou wè si li gen potansyèl.
2. Chwazi yon modèl biznis ki ka mache pou sitiyasyon ou.
3. Konprann baz pou kreye yon biznis USA.
4. Mete dokiman ak estrikti pwofesyonèl an plas.
5. Separe lajan pèsònèl ak lajan biznis.
6. Prepare biznis ou pou bati kredi biznis.
7. Konprann kijan funding fonksyone san w pa tonbe nan fo pwomès.
8. Kreye yon plan 30 jou pou kòmanse aplike.

Poukisa anpil moun vle biznis USA men yo pa prepare

Anpil moun tande fraz tankou:

“Ou ka ouvri yon LLC USA.”

“Ou ka jwenn business credit.”

“Ou ka jwenn funding pou lanse biznis ou.”

“Ou pa bezwen itilize lajan pa w; ou ka itilize OPM – Other People’s Money.”

Tout fraz sa yo ka gen verite ladan yo. Men gen yon gwo pwoblèm: anpil moun tande rezilta a, men yo pa konprann estrikti ki dèyè rezilta a.

Yon biznis USA pa sèlman vle di ou gen yon LLC. Yon LLC se sèlman youn nan premye etap yo. Men si LLC la pa gen bon adrès, bon telefòn, bon email, bon kont bank, bon dokiman, bon aktivite, bon plan maketing, bon dosye finansye, ak bon fason pou montre li serye, li ka toujou san fòs devan bank ak lender.

Se tankou ou achte yon machin men ou pa mete gaz, ou pa gen lisans, ou pa gen asirans, epi ou pa konnen ki kote w prale. Machin nan egziste, men li pa pare pou vwayaj la.

Menm bagay la pou biznis.

Ebook sa a pa la pou vann ou rèv. Li la pou ba ou estrikti.

Paske nan biznis, moun ki gen estrikti gen avantaj sou moun ki gen sèlman motivasyon.

Chanje fason ou panse sou biznis ak funding

Anvan ou chèche funding, ou dwe konprann yon verite enpòtan:

Funding pa kreye yon biznis solid. Se yon biznis solid ki vin pi kredib pou funding.

Anpil moun kòmanse ak move kesyon an. Yo mande:

“Kijan mwen ka jwenn \$10,000, \$50,000, oswa \$100,000?”

Men pi bon kesyon an se:

“Kijan mwen ka fè biznis mwen parèt serye, òganize, epi kapab itilize kapital byen?”

Bank ak lender pa sèlman ap gade non biznis ou. Yo ka gade plizyè bagay tankou:

- Èske biznis la egziste legalman?
- Èske gen dokiman ki klè?
- Èske biznis la gen kont bank?
- Èske gen aktivite finansye?
- Èske gen revni?
- Èske pwopriyetè a gen bon kredi pèsònèl?
- Èske biznis la gen adrès ak telefòn pwofesyonèl?
- Èske gen risk twòp nan endistri a?
- Èske gen plan pou itilize lajan an?
- Èske biznis la kapab ranbouse?

Lajan pa renmen konfizyon. Lajan renmen estrikti.



DEBLOKE \$50K-\$300K+



1.1 Pa chèche lajan anvan ou bati fondasyon an

Si ou pa gen fondasyon, menm si ou jwenn lajan, ou ka gaspiye l. Anpil antreprenè resevwa kapital men yo pa gen sistèm, yo pa gen kliyan, yo pa gen plan, yo pa gen disiplin finansye. Finalman, lajan an pase, men biznis la pa grandi.

Anvan ou mande funding, ou bezwen reponn kesyon sa yo:

- Ki pwoblèm biznis mwen ap rezoud?
- Ki moun mwen ap sèvi?
- Kijan mwen pral fè lajan?
- Ki depans mwen genyen?
- Kijan mwen pral jwenn kliyan?
- Ki dokiman mwen genyen pou montre biznis mwen serye?
- Si mwen jwenn funding, kijan mwen pral itilize li?

Si ou pa ka reponn kesyon sa yo, ou poko pare pou funding. Ou bezwen prepare.

1.2 Funding pa vle di lajan gratis

Gen moun ki panse funding se lajan gratis. Men pifò funding se swa:

- Loan ou dwe ranbouse
- Credit line ou dwe itilize ak disiplin
- Business credit card ou dwe peye alè
- Grant ki gen kondisyon espesifik
- Investor money ki ka mande equity oswa retou sou investisman
- Revenue-based financing ki pran yon pousantaj sou revni ou

Chak kalite kapital gen avantaj ak risk.

Se poutèt sa ou dwe konnen ki kalite funding ki mache ak nivo biznis ou.

1.3 OPM se pa frod


OPM vle di Other People's Money. Sa vle di itilize kapital lòt moun oswa lòt enstitisyon pou devlope yon pwojè. Sa ka fèt atravè bank, lender, investor, patnè, kliyan, pre-sale, oswa kredi biznis.

Men OPM dwe fèt avèk etik, legalite, ak bon estrikti.

OPM pa vle di:

- Bay manti sou revni
- Fè fo dokiman
- Itilize enfòmasyon lòt moun
- Louvri biznis san objektif reyèl
- Pran kredi san plan pou ranbouse

OPM vle di ou bati ase kredibilite pou lòt moun oswa enstitisyon santi yo ka fè w konfyans ak kapital.



DEBLOKE \$50K-\$300K+

Estrateji Bank

1.4 Premye objektif ou: vin bankable


Mo bankable vle di biznis ou gen ase estrikti, dokiman, ak kredibilite pou yon bank, lender, oswa patnè pran w pi serye.

Pou vin bankable, ou bezwen travay sou 5 bagay:

1. Legal foundation: LLC, EIN, operating agreement, lisans si sa nesesè.
2. Professional identity: adrès biznis, telefòn biznis, email pwofesyonèl, website.
3. Financial foundation: kont bank biznis, separasyon lajan, bookkeeping.
4. Market foundation: òf klè, kliyan, revni, prèv aktivite.
5. Credit foundation: business profile, vendor accounts, peman alè, rapò kredi biznis.

Lè 5 bagay sa yo vin pi solid, biznis ou gen plis chans parèt serye.

Organize Your Business Binder (Documents File)




Egzèsis Chapit 1

Reponn kesyon sa yo nan yon kaye oswa Google Doc:

1. Poukisa mwen vle lanse yon biznis USA?
2. Èske mwen vle biznis sa a pou fè lajan rapid, oswa pou bati yon bagay dirab?
3. Ki pwoblèm mwen vle rezoud pou moun?
4. Ki kalite funding mwen panse mwen bezwen?
5. Si mwen jwenn \$10,000 jodi a, kijan mwen pral itilize li pou fè biznis la grandi?
6. Èske mwen pare pou respekte disiplin finansye ak dokiman?

CHAPIT 2



Analize lide biznis ou avan ou depanse lajan

Youn nan pi gwo erè antreprenè fè se lanse yon biznis paske yo renmen lide a, san yo pa verifye si gen moun ki bezwen sa yo vle vann lan.

Yon bon biznis pa kòmanse sèlman ak pasyon. Li kòmanse ak yon pwoblèm reyèl.

2.1 Twa kesyon ki detèmine si lide biznis la gen potansyèl

Anvan ou peye pou logo, website, LLC, oswa materyèl, reponn 3 kesyon sa yo:

1. Ki pwoblèm mwen ap rezoud?
2. Ki moun ki gen pwoblèm sa a?
3. Èske moun sa yo gen kapasite oswa volonte pou peye pou solisyon an?

Si ou pa ka reponn 3 kesyon sa yo, ou bezwen plis rechèch.

2.2 Egzanp lide biznis ki ka fasil pou kòmanse

Men kèk kategori biznis anpil moun ka kòmanse selon konpetans yo:

- Cleaning services
- Mobile car detailing
- Digital marketing services
- Consulting/coaching
- Bookkeeping support
- Tax preparation support, si ou gen fòmasyon/lisans ki nesesè
- Real estate support services
- Notary services, selon eta a
- Online education
- Productized services
- Virtual assistant services
- Home care/non-medical support, selon lisans lokal yo
- Transportation services, selon règleman ak asirans

Pi bon biznis la se pa toujou sa ki pi bèl la. Pi bon biznis la se sa ki rezoud yon pwoblèm, gen demann, epi ou ka egzekite avèk resous ou genyen.

2.3 Chwazi yon nich

Yon nich se yon gwoup moun espesifik ou vle sèvi.

Pa egzanzp:

- Olye ou di “mwen fè cleaning,” ou ka di “mwen ede Airbnb hosts kenbe property yo pwòp ant guest yo.”
- Olye ou di “mwen fè marketing,” ou ka di “mwen ede cleaning companies jwenn plis leads lokal.”
- Olye ou di “mwen fè coaching,” ou ka di “mwen ede Ayisyen nan dyaspora lanse premye biznis USA yo.”

Lè ou chwazi niche, mesaj ou vin pi klè. Lè mesaj ou klè, kliyan konprann ou pi vit.

2.4 Teste lide a avan ou depanse anpil

Ou ka teste lide ou ak 5 aksyon senp:

1. Pale ak 10 moun ki ta ka kliyan.
2. Poze yo ki pwoblèm yo genyen.
3. Mande yo ki solisyon yo deja eseye.
4. Kreye yon òf senp.
5. Eseye jwenn 1–3 moun ki enterese peye oswa pran randevou.

Si pèsonn pa enterese, pa dekouraje. Sa pa toujou vle di lide a pa bon. Sa ka vle di mesaj ou, niche ou, oswa òf ou bezwen ajiste.

Egzèsis Chapit 2

Ranpli fraz sa yo:

- Biznis mwen vle lanse a se: _____
- Pwoblèm mwen vle rezoud la se:

- Moun mwen vle sèvi yo se: _____
- Yo ta peye paske: _____
- Premye òf mwen kapab fè yo se:

CHAPIT 3

Chwazi bon estrikti pou biznis ou

Lè moun pale de biznis USA, anpil moun kouri sou LLC. LLC se yon estrikti popilè, men se pa yon jwèt. Ou dwe konprann poukisa w ap chwazi li.

3.1 Kisa yon LLC ye?

LLC vle di Limited Liability Company. Li se yon estrikti biznis ki ka ede separe biznis la ak pwopriyetè a sou nivo legal ak finansye, men separasyon sa a mande bon disiplin.

Si ou melanje tout lajan pèsònèl ak lajan biznis, ou ka febli pwoteksyon ak kredibilite biznis la.


3.2 LLC pa vle di ou otomatikman jwenn funding

Ou ka gen LLC epi ou pa kalifye pou anyen. Poukisa?

Paske lender ka bezwen wè plis pase yon LLC:

- Revenue
- Bank statements
- Credit profile
- Tax returns
- Time in business
- Industry risk
- Personal credit
- Business plan
- Use of funds

LLC se pòt la. Estrikti a se kle a.



3.3 Ki kote pou anrejistre LLC a?

Gen moun ki chwazi eta tankou Wyoming, Delaware, oswa Nevada paske yo tande yo bon pou biznis. Men sa depann de sitiyasyon ou.

Si ou ap opere fizikman nan yon lòt eta, ou ka bezwen anrejistre kòm foreign entity nan eta kote w ap fè aktivite a. Si ou gen kliyan lokal, anplwaye, magazen, oswa operasyon fizik, ou dwe verifye règleman eta a. Pa chwazi yon eta sèlman paske yon moun sou entènèt di li pi bon. Chwazi selon:

- Kote ou ap viv
- Kote biznis la ap opere
- Kalite biznis la
- Frè anyèl yo
- Règleman taks yo
- Objektif long-term ou

3.4 Operating Agreement

Operating Agreement se yon dokiman ki eksplike kijan LLC la fonksyone. Menm si ou se sèl pwopriyetè a, li bon pou genyen li.

Li ka eksplike:

- Ki moun ki posede biznis la
- Kijan desizyon yo pran
- Kijan pwofi distribye
- Kijan manm antre oswa soti
- Kijan biznis la jere

Bank oswa patnè ka mande dokiman sa a.

Egzèsis Chapit 3

Reponn:

1. Ki eta mwen panse pou m anrejistre biznis mwen?
2. Èske mwen pral opere fizikman nan yon lòt eta?
3. Èske mwen bezwen lisans espesyal pou kalite biznis mwen?
4. Èske mwen gen Operating Agreement?
5. Èske mwen konprann frè anyèl ak obligasyon eta a?

Chapit 4

Fondasyon legal ak administratif biznis USA

Aprè ou fin chwazi lide biznis la ak estrikti a, ou bezwen mete fondasyon administratif la an plas.

4.1 Non biznis la

Chwazi yon non ki:

- Fasil pou sonje
- Fasil pou ekri
- Pa twò limite si biznis la grandi
- Disponib nan eta kote ou vle anrejistre
- Disponib kòm domain website si sa posib

4.2 EIN

EIN vle di Employer Identification Number. Se tankou yon nimewo idantifikasyon federal pou biznis la. IRS bay EIN gratis sou sit ofisyèl li.

Fè atansyon ak website ki fè w peye pou EIN san nesessite. Si w pa bezwen sèvis asistans espesyal, EIN la gratis dirèkteman atravè IRS.

4.3 Business license ak pèmi

Selon kalite biznis ou, ou ka bezwen lisans oswa pèmi. Pa egzanp:

- Food business ka bezwen health permit
- Construction ka bezwen lisans/insurance
- Transportation ka bezwen pèmi, asirans, oswa règleman espesyal
- Home care ka bezwen lisans selon eta a
- Tax preparation ka mande kondisyon espesifik

Pa sipoze LLC a ase. Verifye kondisyon lokal, eta, ak endistri a.

4.4 Dokiman ou dwe kenbe

Ou ta dwe gen yon folder dijital ak dokiman sa yo:

- Articles of Organization
- EIN confirmation letter
- Operating Agreement
- Business license, (si sa nesessè)

- Business bank documents
- Insurance documents
- Contracts
- Invoices
- Receipts
- Tax documents
- Business plan

Egzèsis Chapit 4

Kreye yon folder ki rele:

Business USA Documents

Anndan li, kreye subfolders:

1. Legal
2. Tax
3. Banking
4. Marketing
5. Contracts
6. Funding
7. Receipts



CHAPIT 5

Mete biznis ou parèt pwofesyonèl

Bank, lender, kliyan, ak patnè gade si biznis la parèt serye. Yon biznis ka legal, men li pa pwofesyonèl. Objektif ou se fè biznis la gen kredibilite.

5.1 Business address

Ou bezwen yon adrès biznis ki konsistan. Evite melanje twòp adrès diferan nan dokiman ou. Konsistans enpòtan.

Selon kalite biznis la, ou ka itilize:

- Office address
- Virtual business address
- Registered agent address, si li apwopriye
- Physical location

Verifye si bank/lender ak eta a aksepte kalite adrès w ap itilize a.

5.2 Business phone number

Gen yon nimewo telefòn biznis. Pa toujou itilize telefòn pèsònèl ou kòm sèl nimewo. Ou ka itilize sèvis phone system pwofesyonèl.

5.3 Professional email

Yon email tankou info@yourbusiness.com parèt plis pwofesyonèl pase yon Gmail pèsònèl.

Egzanp:

- contact@biznisou.com
- support@biznisou.com
- info@biznisou.com

5.4 Website oswa landing page

Ou pa toujou bezwen yon gwo website pou kòmanse. Men ou bezwen yon paj ki eksplike:

- Ki moun ou ede
- Ki pwoblèm ou rezoud
- Ki sèvis ou ofri
- Kijan moun ka kontakte w
- Prèw kredibilite: foto, review, temwayaj, oswa egzant travay

5.5 Google Business Profile

Si ou gen yon biznis lokal ki kalifye, Google Business Profile ka ede moun jwenn ou sou Google. Men ou dwe swiv règleman Google yo. Pa kreye profile fo, pa itilize adrès ki pa kalifye, pa mete enfòmasyon ki pa vre.

CHAPIT 6

Business banking ak jesyon lajan

Youn nan pi gwo diferans ant yon moun ki ap jwe ak biznis ak yon moun ki serye se fason li jere lajan.

6.1 Ouvri kont bank biznis

Aprè ou gen LLC ak EIN, ou ka prepare pou ouvri kont bank biznis. Bank la ka mande:

- Articles of Organization
- EIN letter
- Operating Agreement
- ID pwopriyetè a
- Adrès biznis
- Enfòmasyon sou aktivite biznis la

6.2 Pa melanje lajan

Pa peye depans pèsònèl ak kont biznis san sistèm. Pa mete tout lajan biznis nan kont pèsònèl. Sa ka kreye konfizyon nan taks, bookkeeping, ak kredibilite.

6.3 Bookkeeping

Bookkeeping vle di ou swiv:

- Revni
- Depans
- Pwofi
- Factures
- Receipts
- Taxes

Ou ka itilize Google Sheet, QuickBooks, Wave, oswa lòt zouti.

6.4 Prepare pou lender

Si ou vle lender pran w serye, ou bezwen gen tras finansye:

- Bank statements
- Invoices
- Contracts
- Revenue records
- Tax documents
- Profit/loss statement

Lender renmen wè prèv. Pa tann dènye minit pou òganize dokiman.

CHAPIT 7

Business credit foundation

Business credit se kapasite biznis ou pou bati yon dosye kredi apa de ou menm pèsònèlman. Men nan kòmansman, anpil lender toujou ka gade kredi pèsònèl ou tou.

7.1 Sa business credit pa ye

Business credit pa vle di:

- Ou jwenn lajan san kondisyon
- Ou pa bezwen revni
- Yo pap gade kredi pèsònèl ou
- Ou ka pran kredi san plan
- Ou otomatikman kalifye paske ou gen LLC

7.2 Sa business credit kapab ede w fè

Lè li byen bati, business credit ka ede w:

- Jwenn vendor accounts
- Jwenn business credit cards
- Jwenn credit lines
- Ogmante kredibilite biznis la
- Separe kèk risk pèsònèl ak risk biznis
- Prepare pou pi gwo opòtinite

7.3 Etap fondasyon business credit

- 1.LLC oswa estrikti biznis legal
 - 2.EIN
 - 3.Business address konsistan
 - 4.Business phone
 - 5.Professional email/domain
 - 6.Business bank account
 - 7.D-U-N-S / business credit profile, si sa nesesè
 - 8.Vendor accounts ki rapòte peman yo
 - 9.Peye alè
 - 10.Swiv rapò kredi biznis ou
- ### 7.4 Peye alè se estrateji

Nan kredi, repitasyon ou bati sou aksyon ou. Peye an reta ka kraze kredibilite. Peye alè montre disiplin.

CHAPIT 8

Funding readiness – kijan pou prepare avan ou mande lajan

Funding readiness vle di biznis ou pare pou prezante tèt li devan yon bank, lender, investor, oswa patnè.

8.1 Kisa lender ka vle wè

Selon kalite funding lan, yo ka mande:

- Personal credit
- Business credit
- Revenue
- Bank statements
- Tax returns
- Business plan
- Industry
- Time in business
- Cash flow
- Collateral
- Use of funds

8.2 Use of funds

Ou dwe konnen kijan ou pral itilize lajan an.

Pa egzanp:

- \$2,000 pou website/funnel
- \$3,000 pou equipment
- \$1,500 pou marketing
- \$1,000 pou software/tools
- \$2,500 pou working capital

Lè ou gen plan konsa, ou parèt plis serye.

8.3 Pa mande twòp twò bonè

Si biznis ou poko gen revni, poko gen kliyan, poko gen dokiman, li ka pi difisil pou jwenn gwo funding. Kòmanse ak sa ki adapte ak nivo ou.

8.4 Diferan kalite funding

- Personal credit card used for business, ak disiplin
- Business credit card
- Business line of credit
- SBA loan, selon kondisyon lender
- Equipment financing
- Invoice financing
- Revenue-based financing
- Grants, si ou kalifye
- Investor/patnè
- Pre-sale ak kliyan

Chak opsyon gen kondisyon, risk, ak responsabilite.



DEBLOKE \$50K-\$300K+

CHAPIT 9

Jwenn premye kliyan yo

Funding ka ede, men kliyan se pi bon prèv biznis ou vivan.

Yon biznis ki gen kliyan gen plis valè pase yon biznis ki gen sèlman logo.

9.1 Kreve yon òf klè

Yon bon òf dwe reponn:

- Ki moun ou ede?
- Ki pwoblèm ou rezoud?
- Ki rezilta moun nan ka atann?
- Konbyen sa koute?
- Kijan yo kòmanse?

Egzanp:

“Mwen ede ti biznis lokal jwenn plis leads ak yon landing page + Facebook ads setup + follow-up system.”

9.2 Jwenn kliyan san gwo bidjè

Ou ka kòmanse ak:

- Facebook posts
- TikTok videos
- WhatsApp status
- Referrals
- Local networking
- Cold outreach
- Partnership
- Google Business Profile
- Flyers lokal
- Community events

9.3 30 moun pou kontakte

Fè yon lis 30 moun ki ka bezwen sèvis ou oswa ki ka konekte w ak moun ki bezwen sèvis ou.

Voye mesaj senp:

“Bonjou [Non], mwen lanse yon sèvis ki ede [kalite moun] jwenn [rezilta].

Si ou konnen yon moun ki bezwen sa, ou ka konekte m avè l?”

CHAPIT 10

Plan aksyon 30 jou

Men yon plan senp pou kòmanse.

Semèn 1: Klète

- Chwazi lide biznis la
- Chwazi niche la
- Ekri pwoblèm ou rezoud la
- Kreye premye òf ou
- Fè rechèch sou kondisyon lisans/pèmi

Semèn 2: Estrikti

- Chwazi non biznis la
- Verifye disponiblite non/domain
- Prepare pou LLC
- Prepare pou EIN
- Kreye folder dokiman yo
- Ekri business plan senp

Semèn 3: Pwofesyonalizasyon

- Mete email pwofesyonèl
- Mete nimewo biznis
- Mete adrès biznis ki apwopriye
- Kreye landing page senp
- Prepare social media profile
- Kreye premye materyèl maketing

Semèn 4: Kliyan ak finans

- Ouvri/prep business bank account
- Mete bookkeeping senp
- Kontakte 30 moun
- Poste kontni chak jou pandan 7 jou
- Kreye lis depans ak objektif funding
- Evalye si ou pare pou business credit/funding roadmap

Bonus

Sit Enpòtan Pou Antreprenè Ki Gen Gid Sa a

Metè paj sa yo nan favorites ou. Yo ka ede w evite move enfòmasyon.

IRS — EIN ak enfòmasyon taks

<https://www.irs.gov>

IRS — Apply for EIN

<https://www.irs.gov/businesses/small-businesses-self-employed/apply-for-an-employer-identification-number-ein-online>

IRS — Form SS-4

<https://www.irs.gov/forms-pubs/about-form-ss-4>

SBA — Start Your Business

<https://www.sba.gov/business-guide/launch-your-business>

SBA — Register Your Business

<https://www.sba.gov/business-guide/launch-your-business/register-your-business>

USA.gov — Start a Business

<https://www.usa.gov/start-business>

FinCEN — BOI Information

<https://www.fincen.gov/boi>

Dun & Bradstreet

<https://www.dnb.com>

NAV — Business Credit Monitoring

<https://www.nav.com>

Experian Business

<https://www.experian.com/business>

Equifax Business

<https://www.equifax.com/business>

Secretary of State pou chak eta

Chèche sou Google:

“[Non eta a] Secretary of State LLC filing”

Egzanp:

- “Wyoming Secretary of State LLC filing”
- “Florida Division of Corporations LLC filing”
- “Massachusetts Secretary of the Commonwealth LLC filing”

BONUS

Checklist final

Business Foundation Checklist

1. Mwen gen yon lide biznis klè
2. Mwen konnen ki moun mwen ap sèvi
3. Mwen konnen ki pwoblèm mwen rezoud
4. Mwen gen yon òf senp
5. Mwen verifye si mwen bezwen lisans/pèmi
6. Mwen chwazi estrikti biznis la
7. Mwen gen LLC oswa plan pou kreye li
8. Mwen gen EIN oswa plan pou aplike
9. Mwen gen Operating Agreement
10. Mwen gen folder dokiman biznis
11. Mwen gen adrès biznis konsistan
12. Mwen gen telefòn biznis
13. Mwen gen email pwofesyonèl
14. Mwen gen kont bank biznis
15. Mwen swiv revni ak depans
16. Mwen gen plan pou jwenn kliyan
17. Mwen gen plan pou itilize funding
18. Mwen konprann pa gen garanti funding

Kesyon pou konsiltasyon gratis

Ou achte gid sa a, pwochen etap la se pran yon konsiltasyon gratis pou nou analize sitiyasyon ou.

Prepare repons pou kesyon sa yo:

1. Ki biznis ou vle lanse?
2. Ki kote ou ye kounye a?
3. Èske ou deja gen LLC?
4. Èske ou deja gen EIN?
5. Èske ou gen kont bank biznis?
6. Ki pi gwo objektif ou nan 90 jou?
7. Èske ou bezwen kliyan, estrikti, kredi biznis, funding, oswa tout ansanm?
8. Ki pi gwo blokaj ou genyen?
9. Ki kantite ou panse ou ka envesti pou mete fondasyon biznis la an plas?
10. Èske ou vle fè l pou kont ou, akonpayman group, oswa Done-For-You?

Konklizyon

Lanse yon biznis USA se yon gwo opòtinite, men se pa yon jwèt. Si ou vle pwofite opòtinite a, ou bezwen plis pase motivasyon. Ou bezwen estrikti, disiplin, dokiman, kliyan, ak plan.

Funding ka vin yon zouti pou grandi, men li pa dwe vin premye fondasyon ou. Premye fondasyon ou se biznis la menm.

Sonje sa:

Lajan renmen estrikti. Bank renmen prèv. Kliyan renmen klète. Biznis renmen disiplin.

Si ou pare pou pran pwochen etap la, pran konsiltasyon gratis la pou nou ka analize sitiyasyon ou epi wè ki plan ki pi bon pou ou.

Voye yon Mesaj(WhatsApp) nan nimewo sa :
+1 774 240-9057 *dim , se pou coaching .*
paskew achte liv la.

Avi Legal ak Dwa Pwopriyete

Ebook sa a se yon byen prive ki fè pati Dukensley M. Bernard. Tout kontni ki ladan l baze sou rechèch, eksperyans pèsonèl, eksperyans biznis, analiz, ak konesans pratik otè a devlope sou tan. Pa gen okenn moun, biznis, òganizasyon, oswa platfòm ki gen dwa rekopye, modifye, distribye, pataje, revann, tradui, itilize pou fòmasyon, oswa repwodui nenpòt pati nan ebook sa a san otorizasyon ekri Dukensley M. Bernard.

Nenpòt itilizasyon san pèmisyon kapab konsidere kòm vyolasyon dwa pwopriyete entelektyèl epi ka mennen aksyon legal. Ebook sa a fèt sèlman pou itilizasyon pèsonèl moun ki achte li a.



Debloke \$10K–\$300K

Kijan pou Debloke \$10K–\$300K nan Business Funding, ebook sa ap montre w kijan pou w prepare LLC ou ak business profile ou nan fason bank yo renmen wè l. Ou pral aprann ki estrikti pou mete an plas, ki moman pou aplike, ki etap pou swiv, epi ki erè pou evite pou w pa detwi chans ou jwenn apwobasyon.

Sa a pa yon teyori.

Sa a pa yon diskou motivasyon.

Sa a pa yon chemen kout ki mete w nan risk.

Se yon fòmil pratik, etik, ak estratejik ou ka swiv pou w mete biznis ou nan pi bon pozisyon posib pou funding.



CERTIFIED